



Pou Piblikasyon Imedya: 14/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL PWOKLAME OKTÒB 2021 KÒM MWA SANSIBILIZASYON SOU SEKIRITE SIBÈ

"Jwe wòl pa ou. #BeCyberSmart" envante tèm 2021 an

Gouvènè Kathy Hochul te pibliye jodi a yon [pwoklamasyon](#) ki anose oktòb 2021 kòm Mwa Sansibilizasyon sou Sekirite Sibè nan Eta New York. Anons la vini kòm yon pati nan yon efò angaje pou sansibilize sou enpòtans ki genyen pou tout Nouyòkè devlope pratik sekirite sibè entelijan ak abitid sou entènèt ki san danje pandan n ap fè fas a menas entènèt k ap grandi. Obsève chak mwa oktòb, mwa Sansibilizasyon sou Sekirite Sibè se yon efò kolaborasyon ke yo rekonèt nasyonalman pou angaje ak edike piblik la sou sekirite ak pou bay zouti ak resous pou ede yo rete an sekirite sou entènèt.

"Kòm aktif lokal, eta a, ak federal nou yo de pli zan pli fòse pou fè fas ak domaj ki koze pa aktivite kriminel sou entènèt, li enpòtan anpil ke alafwa moun ak enstitisyon yo asire yon konsantre sou bon pratik sibèsekirite," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou ap ogmante sansibilizasyon pou Nouyòkè yo nan tout nivo sektè piblik ak prive pou eta nou an ka kontinye dirije nasyon an nan konbat yon fason agresif menas 21èm syèk sa a k ap evolye a."

Tèm pou 18èm Mwa Sansibilizasyon sou Sekirite Sibè anyèl la -- "Jwe wòl pa ou. #BeCyberSmart" -- ki mete aksan sou enpòtans sekirite k ap grandi a ak ankouraje moun ak òganizasyon yo pou pran mezi ki nesese pou pwoteje tèt yo nan yon mond ki deplizanpli konekte.

"Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan travay avèk gouvènman an ak patnè enfrastruktirè enpòtan yo pou ranfòse pwoteksyon kont menas sibè epi pou yo reponn byen vit fas ak ensidan yo lè yo rive", **komisè Egzekitif Adjwen Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta New York la, erence J. O'Leary, te deklare,** "Sepandan, sibè sekirite se responsablite tout moun. Lè ou kapab idantifye menas sibè epi reyaji kòm sadwa enpòtan nan pwoteje enfòmasyon pèsònèl, se pou rezon sa Nouyòkè yo ta dwe pran mezi pandan Mwa Sansibilizasyon sou Sekirite Sibè a pou edike tèt yo sou sa ki nan risk ak konprann etap debaz yo ka pran pou pwoteje sistèm yo ak rezo yo ke yo konte sou yo".

"Kòm atak sibè kontinye ap monte, li enpò pou nou tout konble vid potansyèl ki genyen pou diminye risk pou atak sa yo", **Sipèentandan pa Enterim Sèvis Finansye a,**

Adrienne A. Harris, te deklare, "Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) Eta New York ap kontinye soutni règleman sibè sekirite inovan Depatman an, ki se premye nan nasyon pou ede asire antite reglemante yo rete vijilan kont atak sibè, pwoteje konsomatè yo ak entegrite endistri sèvis finansye New York la."

"Nan epòk dijital sa a, sekirite sibè se pi gwo priyorite nou", **Ofisye Enfòmasyon Anchèf Eta New York la, Angelo 'Tony' Riddick, te deklare**. "Mèsi a lidèchip Gouvènè Hochul ak patnè nou yo nan tout nivo nan gouvènman an, New York byen prepare pou adrese menas sibè yo. Nou tout dwe travay ansanm epi pran mezi pwòkaktif pou kenbe New York an sekirite."

"Asire ke chak moun envesti nan pwoteksyon pwòp enprent dijital yo enpòtan nan mond entèkonekte nou ap viv la", **Ofisye Enfòmasyon Anchèf Eta New York la, Karen Sorady, te deklare**, "Gen yon depandans k ap grandi sou itilizasyon teknoloji nan tout aspè nan lavi nou epi ak depandans sa nou jwenn risk konfidansyalite, entegrite ak disponiblite ki mache ak li. Se poutèt sa, nou tout dwe konprann wòl nou nan jere risk sa a. Mwa Sansibilizasyon sou Sekirite Sibè bay yon opòtinite ekselan pou konsantre atansyon sou bon pratik 'ijyèn sibè' ki pral ede itilizatè yo pwoteje idantite yo, aparèy yo ak enfòmasyon yo."

Sipè-entandan Lapolis Eta New York la, Kevin P. Bruen, te deklare, "Chak jou, anplwaye Polis Eta yo, alafwa sa yo ki asèmante ak sivil, travay pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite sou entènèt. Nou vle raple piblik la ke menm jan ou ta dwe okouran de anviwònman fizik ou, ou ta dwe okouran de prezans sou entènèt ou tou. Asire ou ke sit kote ou ahte yo an sekirize epi ke òdinatè ak aparèy elektwonik ou yo ajou ak pwogram sekirite aktyèl epi pa pataje modpas ou. Epi tou, verifye deklarasyon bankè finansye ou yo pou kapab asire ou ke ou pa viktim yon fwod. Ansanm, nou ka anpeche krim ki lye ak sibè alavni."

Sibè sekirite se yon gwo defi pou tout òganizasyon yo, men li ka espesyalman difisil pou biznis yo ki twò piti pou gen yon Ofisye Sekirite Enfòmasyon Anchèf ak anplwaye sibè sekirite ki devwe. Selon yon rapò Verizon Data Breach Investigation an 2019, plis pase 43% nan atak sibè yo sible ti biznis yo.

Depatman Sèvis Finansye Eta New York an patenarya avèk Global Cyber Alliance (GCA) ki se yon òganizasyon san bi likratif ki bay yon bwat zouti pou sekirite sibè gratis pou ti biznis yo. Resous sa yo ede ti biznis yo pwoteje tèt yo ak kliyan yo kont menas sibè k ap grandi a. Zòn ki kouvri nan bwat zouti sekirite sibè gratis la gen ladan idantifikasyon materèl ak lojisyèl, mete ajou defans kont menas sekirite sibè, ranfòse modpas ak otantifikasyon ki gen plizyè faktè, sovgade ak rekipere done, ak pwoteje sistèm imel yo.

Ou ka jwenn [bwat zouti](#) sekirite sibè ki gratis pou ti biznis yo ak echantiyon règleman sekirite sibè ke DFS devlope yo sou [sit entènèt DFS la](#).

Tèm ane sa a motive moun yo ak òganizasyon yo pou jwe wòl yo nan pwoteje pati pa yo nan espas sibè a. Si tout moun jwe wòl yo - mete ann aplikasyon pratik sekirite ki pi fò, sansibilize nan kominote a, edike odyans ki vilnerab yo, ak fòme anplwaye yo - mond entèkonekte nou an pral pi an sekirite ak pi fleksib pou tout moun.

Chak semèn nan Mwa Sansibilizasyon sou Sekirite Sibè pral atikile toutotou yon nouvo sijè:

- Konprann ak aplike ijyèn debaz sou sibè, ki gen ladan enpòtans ki genyen nan modpas ki fò, itilize otantifikasyon ki gen plizyè faktè, fè mizajou lojisyèl ak sovgade done.
- Rekonèt epi rapòte tantativ èskrokri, kèlkeswa si yo vini atravè imèl, mesaj tèks, oswa bwat chat
- Pèmèt moun yo non sèlman pou pratike konpòtman san danje sou entènèt, men tou konsidere rantre nan misyon an pou asire mond sou entènèt nou an nan pouswiv yon karyè nan sekirite sibè.
- Fè sekirite sibèyon priyorite biznis nan asire pwodwi ak pwosesis yo "sekirize pa konsepsyon" ak ankouraje konsiderasyon sekirite sibè lè n ap achte nouvo aparèy ki konekte ak entènèt.

ITS NYS ap bay yon kantite resous edikatif gratis pou piblik la, tankou Bwat Zouti pou Sansibilizasyon sou Sekirite Sibè elektwonik la. Bwat Zouti a gen ladan afich, kalandriye, bwochi ak lòt kontni sou tèm sekirite sibè ke yo ka telechaje ak pataje ede pou ankouraje ak ranfòse tèm sekirite sibè yo nan yon fason ki pratik, enfòmatif, amizan, ak itilizab. Ou ka jwenn aksè ak materyèl zouti sou sit entènèt ITS la nan www.its.ny.gov/ciso/.

Paralèlman avèk mwa sansibilizasyon sou sekirite sibè a, NYS ITS CISO ap kowòdone yon konkou afich sou sekirite sibè nan tout eta a pou elèv ki nan klas Kindègadenn rive nan 12èm ane. Sa a se yon opòtinite ki rive alè pou pwofesè lekòl yo pou konsantre sou kenbe timoun yo an sekirite sou entènèt nan yon fason amizan ak enfòmatif. Yo pral prezante gayan Eta New York yo sou sit entènèt ITS la epi antre nan konpetisyon nasyonal la. Pou plis enfòmasyon sou konkou afich la, tanpri vizite <https://its.ny.gov/2021-2022-kids-safe-online-poster-contest>.

Vizite sit entènèt ITS CISO a nan www.its.ny.gov/ciso/ pou plis enfòmasyon sou Mwa Nasyonal Sansibilizasyon sou Sekirite Sibè a, swiv nou sou Twitter nan #NYSCyber, ak sou Facebook nan www.facebook.com/NYS.Office.ITS/.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418